

## EAST RAMAPO CENTRAL SCHOOL DISTRICT

Non Elèv la: \_\_\_\_\_

### KONTRA ENFOMEL ANT LEKOL AK PARAN

Pwogram Title I nan East Ramapo Central School District la vize nivo siksè pi wo posib pou shak elèv. Pou akonpli sila, paran/gadyen ak pwofesè dwe travay ansanm. Pran yon ti tan pou li epi konplete tout seksyon anba fèy la.

#### PROFESÈ

Mwen konnen enpòtans egsperyans lekòl pou chak etidyan ak ròl mwen jwe kom pwofesè ak model. Pou'm ankouraje etidye lakay, nan lekòl ak nan kominote ya, mwen vle byen:

- kwè ke chak elèv ka aprann.
- Bay chak timoun ak fanmi yo respè.
- Vini nan klas la pare pou'm edike elèv yo.
- founi yon milye ki favorab pou etidye.
- Ede chak elèv wotè kapasite'l ka mennen'l.
- founi aktivite apropiye ak fè anvi travay.
- enpoze règ nan klas ak lekòl ki jis epi ki dwat.
- Kenbe liy kominikasyon yo ouvè ak elèv ansanm ak paran.
- Chache jan pou fè paran patisipe nan pwogram lekòl.
- Montre yon konpòtman pwofesyonel, yon lespri ouvè, ak atitud pozitif.

Siyati pwofesè \_\_\_\_\_ dat \_\_\_\_\_

#### PARAN/GADYEN LEGAL

Mwen kwè ke ane pitit mwen pase lekòl yo trè enpòtan. Mwen konnen kounye'a ke patisipasyon mwen nan edikasyon pitit mwen ap ede'l akonpli ak yon bon atitud. Se pou sila ke, mwen:

- Gade jan pitit mwen ale lekòl regilyèman epi a lè.
- Bay yon anviwònman pou fanmi ki ankouraje pitit mwen aprann.
- Insister sou fè tout travay nan travay yo rive vre.
- kominike regilyèman ak pwofesè pitit mwen.
- Kore lekòl yo devlope konpòtman pozitif.
- Pale avèk pitit mwen sou aktivite li lekòl chak jou.
- Ankouraje pitit mwen li la kay e siveye konbyen tan li devan tv.
- Bay respekte ak sipò a pitit mwen, pwofesè'l ak lekòl li.

Siyati paran / gadyen legal la \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

#### ELEV

Mwen konnen edikasyon mwen enpòtan. Lap ede'm vin yon pi bon moun. Mwen konnen paran'm vle ede m, men se mwen ki dwe fè travay la. Kidonk:

- mwen vle ale nan lekòl a lè chak jou.
- map obeyi règ lekòla ak pou otobis.
- m'a responsab pou pwòp konpòtman'm ak trte pwofesè ak kamarad klas mwen ak respè.
- map vin lekòl ak devwa'm fèt e pare pou'm travay.

Siyati elèv la: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_